

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data bisa dicindekkeun yén klausa rélatif nyaéta klausa anu diseselkeun pikeun ngajéntrékeun klausa inti dina kalimah anu ditandaan ku konjungsi (*a*)*nu*. Kapanggih aya 68 klausa rélatif. Éta klausa téh bisa diwincik kana 1) wanda, 2) struktur, jeung 3) fungsi.

Wanda klausa rélatif nyoko kana rupa-rupa klausa anu bisa disawang tina pola ngucapkeun klausanna. Aya dua rupa wanda klausa rélatif, nyaéta klausa rélatif réstriktif jeung klausa rélatif non-réstriktif. Klausa rélatif réstriktif jumlahna leuwih réa (54) ti batan jumlah klausa rélatif non-réstriktif (16).

Tina jihat struktur, kapanggih aya 15 pola struktur klausa rélatif. Struktur klausa rélatif masing-masing boga pola anu tangtu. Struktur anu pangréana nyaéta pola (*a*)*nu* + C jeung (*a*)*nu* + C + Pang. (18 data). Sacara umum pola-pola struktur nu aya téh bisa dipasingkeun jadi dua nyaéta struktur nu diwangun ku konjungsi (*a*)*nu* + klausa salancar jeung struktur nu klausana teu lengkep polana diwangun ku konjungsi (*a*)*nu* + C ± U ± Pang. ± K. Salian éta, kapanggih ogé pola struktur nu diwangun ku dua jeung tilu konjungsi (*a*)*nu*, polana nyaéta (*a*)*nu* + J + C + K + (*a*)*nu* + J + C + K, pola (*a*)*nu* + C + K + (*a*)*nu* + C + K, (*a*)*nu* + C + K + (*a*)*nu* + C + U, jeung (*a*)*nu* + C + (*a*)*nu* + C + U + (*a*)*nu* + C.

Fungsi klausa rélatif hartina klausa rélatif jadi atributif kana unsur inti. Kapanggih aya 5 fungsi klausa rélatif dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana, nyaéta aya fungsi jejer hartina klausa rélatif jadi atributif kana unsur inti jejer (16 klausa), fungsi udagan hartina klausa rélatif jadi atributif kana unsur inti udagan (16 klausa), fungsi panglengkep hartina klausa rélatif jadi atributif kana unsur inti panglengkep (8 klausa), fungsi aksis hartina klausa rélatif jadi atributif kana unsur aksis (10), fungsi aksis atributif hartina klausa rélatif jadi atributif kana unsur inti aksis (27).

5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun dina widang kabasaan utamana dina paélmuan sintaksis. Dina widang kabasaan dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi référénsi jeung bisa ngajembaran paélmuan sintaksis pikeun nu maca. Salian éta, dipiharep ieu panalungtikan bisa méré kontribusi pikeun panalungtikan kahareupna nu baris dilaksanakeun.

Implikasi nu bisa dilarapkeun tina ieu panalungtikan ngeunaan klausa rélatif utamana dina pangajaran basa, bisa jadi sumber atawa référénsi pikeun nu maca, utamana pikeun bahan neuleuman paélmuan sintaksis.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil panalungtikan klausa rélatif dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana, panalungtikan ngeunaan klausa rélatif masih can pati loba, ku kituna ieu panalungtikan masih perlu ditalungtik kalawan leuwih jero. Pamahaman ngeunaan klausa rélatif ogé masih kurang hususna dina basa Sunda. Ieu hal bisa kaalaman lantaran aya bédana ku cara makéna basa dina kahirupan sapopoé jeung basa tinulis dina karya sastra. Sangkan leuwih jéntré, perlu diayakeun panalungtikan nu ngaguar ngeunaan hal leutik tina klausa rélatif, hususna dina sumber data boh sumber data tulis boh sumber data lisan.

Perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan klausa rélatif sangkan bisa ngalengkepan ieu panalungtikan, hususna hal-hal anu can kapanggih dina ieu panalungtikan. Panalungtikan salajengna bisa nuluykeun panalungtikan anu can kaguar dina ieu panalungtikan sangkan bisa manggihan hal-hal anu anyar.